



# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom Shores Elementary School  
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100

AVRIL 2022

## Mesaj Direktè Lekòl la Mr. Sabatino

Chè Paran/ Responsab

Nou espere tout moun te pase yon vakans prentan ki repoze ak enteresan. Nan mwa mas, nou te kontinye evènman Dejene Alfabetizasyon nou an ak klas katriyèm ane nou yo. Fanmi yo te gen chans antre nan lekòl nou an epi pran yon ti manje maten pandan y ap koute yon istwa ki t ap li. Ekip katriyèm ane a tou te demontre kèk ide ki ka itil lakay ou pandan ou ap li ak pitit ou a/pitit ou yo. Te gen yon gwo patisipasyon ak fanmi ki te asiste yo tout te ale ak yon liv. Dejene Alfabetizasyon pouk las 5yèm ane nou an ap fèt Vandredi, 22 Avril a 7:15 nan kafeterya nou an. N ap gade si nou ka jwenn yon pi bon rezilta pou sa a tou..

Pou Mas la, nou te gen seremoni remiz dè Prim, kote elrim, kote elèv yo te resevwa Prim pou efò yo te fè nan 2zyèm trismès la. Yo te onore elèv yo pou pwogrè akademik yo, pou fason yo swiv manyè Freedom Shores yo, pou karaktè positif yo ansanm ak devouman yo nan klib mil nan maten an. Pandan mwa Mas la elèv 4yèm ak 5yèm ane nou yo te amelyore konpetans yo nan redaksyon ekri atravè anpil konsèy key o te jwenn nan sikontans aktyèl yo. Sa a se te yon bon fason pou timoun nou yo montre kapasite ekriti yo epi pwofesè yo aprann ki kote yo ka ede elèv yo fè amelyorasyon nan domèn espesifik.

Pandan n ap avanse nan ane lekòl nou an, nou vrèman apresye tout asistans ak sipò w. Tanpri sonje ke pandan w ap depoze oswa vin chèche pitit ou a, yo dwe soti sou bò pasajè apou yok a tou sou twotwa a epi pou yo an sekirite san danje. Nou apresye fason ou menm ak tout anplwaye nou yo ap travay trè di pou ede timoun yo grandi nan domèn akademik.

Mèsi pou tout sipò kontinyèl ou,  
Mike Sabatino

## Mesaj Direktris lekòl la Kimberly Rogers

Elèv ou a pral pran Evalyasyon Estanda Florid yo (FSA) sou papye nan dat sa yo:

- 3yèm ane ELA- 5 avril ak 6 avril
- Redaksyon 4yèm ak 5yèm ane- 7 avril (elèv 5yèm ane ki gen akomodasyon- 12 avril)
- 4yèm ak 5yèm ane ELA- 3yèm ak 4yèm me (elèv 5yèm ane ki gen akomodasyon-5yèm ak 6yèm me)
- Matematik 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane - 9yèm ak 10yèm me (elèv klas 6yèm ak 5yèm ane ki gen akomodasyon - 11yèm ak 12yèm me)
- 5yèm ane Syans - 16 ak 17 me

- Pou ede elèv ou a vin alèz oubyen abitye ak kalite atik yo ak fòma repons yo, resous sa yo disponib nan <https://fsassessments.org/families.html> anba onolet "Tès Pratik ki baze sou papye":

- Tès Pratik ki baze sou papye ak repons kle yo
- Prezantasyon elèv yo

Tanpri revize règleman sa yo ak elèv ou a anvan tès la:

- **Aparèy Elektwonik**—Elèv yo pa gen pèmision pou yo gen okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, telefòn selilè, smartphones, smartwatch, ak Bluetooth/ekoutè san fil/koutè, nenpòt ki lè pandan tès oswa pandan repo (egzanp, twalèt), menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo pa sèvi ak yo. Si yo jwenn elèv ou a ak yon aparèy elektwonik, tès li a ap anile. Tout aparèy elektwonik yo pral kolekte, fèmen nan yon kote ki an sekirite epi retounen apre tès la.
- **Kalkilatè**—Pandan tès Matematik Klas 3yèm–6yèm Ane yo pa gen dwa fè kalkilatè yo.
- **Règ Egzamen yo**—Tout tès yo genyen yon Rekonesans Règ Egzamen yo ki enprime nan liv tès ak repons elèv la ki di: “Mwen konprann règ egzamen yo te fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règ sa yo, nòt egzamen mwen an ka anile.” Anvan tès la, administratè tès yo li règ yo bay elèv yo, epi elèv yo rekonèt ke yo konprann règ tès yo lè yo siyen anba deklarasyon ki nan liv tès ak repons yo.
- **Diskite sou kontni egzamen an apre tès la**—Dènye pòsyon règ egzamen an li bay elèv yo anvan yo siyen anba a Rekonesans Règ Tès la di: “Paske kontni an nan tout evalyasyon atravè eta a se sekirite, ou pa gen dwa diskite oswa revele detay sou kontni egzamen an ( enkli atik tès yo, repons, pasaj, ak envit) apre tès la. Sa a gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, oswa poste sou sit sa a sosyal yo.”



**Instagram:**  
Freedomshoreses



**Facebook:**  
FreedomShoresEl



**Twitter:**  
FreedomShoresES

## **Ti kwen Volontè yo**

Nou voye yon remèsiman espesyal bay tout bèl volontè ki te travay pou ede pwofesè nou yo ak elèv yo pandan ane lekòl sa a! Si w ta renmen konnen ki jan pou w ede—petèt anvan, pandan, oswa menm APRÈ lekòl—oswa si w jis vle konnen enfòmasyon sou evènman aktyèl yo, tanpri kontakte: [jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org](mailto:jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org) pou li ka ajoute w nan Lis kourye elektwonik Volontè FSES a.

## **Oryantasyon Jadendanfan**

Vini pou ou ka enskri pitit ou ki pral antre nan jadendanfan epi pwofite wè pwogram nou genyen pouk las jadendanfan yo, epi aprann tou de lekòl nou an FSES. Tanpri sonje pou ou enskri pou evalyasyon tès depistaj la, yon fason pou ede pwofesè nou yo gen yon ide sou kisa pitit ou a bezwen konsantre plis lè li ap antre nan lekòl elemantè. Oryantasyon an ap fèt 20 Avril a 8:30-9:30 AM ak 6-7 PM, nou swete wè ou la. Tanpri bay moun nan vwazinaj ou, fanmi ou, ak zanmi ou mesaj la.

## **Ti nouvell sou Pwogram doub langaj ak ESOL la:**

Bilten Distri a pou Paran de Lang  
<https://express.adobe.com/page/F9iOhgWfq4Du1/>  
Bilten Distri pou paran ki gen timoun nan enstriksyon nan de lang

Mayo pou elèv ki nan pwogram de lang la – Ou gen bezwen yon nouvo mayo pou jou Vandredi? Nou gen kèk mayo DL ki rete! Tanpri kontakte Madam Torres pou gwosè. Imèl li se: [maria.e.torres@palmbeachschools.org](mailto:maria.e.torres@palmbeachschools.org) oswa rele nan 561.804.3108.

Si pitit ou a bezwen yon nouvo mayo pou vandredi, toujou Nou gen yon koup nan gwosè ki rete! Tanpri kontakte Madam Torres  
Pou kòmande rele 561.804.3108 oswa imèl  
Imèl [maria.e.torres@palmbeachschools.org](mailto:maria.e.torres@palmbeachschools.org).

Reyinyon Inivèsite Paran/PLC- Nou pral fè dezyèm Reyinyon Paran ESOL nou an Mèkredi 27 Avril a 6:00 p.m. nan kafeterya a li rele “Resous pou ou”. Youn nan klas jadendanfan Doub langaj nou yo ap pèfòme. Tanpri planifye pou ou ka la. Nou espere wè ou la!

**Konferans Paran-** Li enpòtan pou w konnen kijan pitit ou a ap fè akademikman. Pwofesè yo nan pwosesis pou planifye konferans paran pou dezyèm semès la. Si nimewo telefòn ou genyen chanje, tanpri voye nimewo ki ajou bay pwofesè pitit ou a oswa rele direksyon lekòl la.

## **Ti Nouvell Depatman ESE a:**



### **\*SONDAJ PARAN ESE YO**

Nou bezwen èd ou pou fè rekò Sondaj Paran ESE 2021-2022 Florid la vin yon siksè! Ou ka ranpli sondaj la sou Entènèt nan <http://www.esesurvey.com>.

\* Si w gen yon elèv ki gen yon IEP oswa yon 504 epi w enterese nan Pwogram Bousdetid McKay- Tanpri jwenn enfòmasyon sou sitwèb distri a isit la. Dat limit yo varye pou fenèt aplikasyon lekòl prive ak piblik.

## **Ti kwen Konseye yo**

Depatman Konseye an kontan pou antre nan mwa avril la. Prentan rive e nou gen plizyè fason nou ta renmen ankouraje elèv nou yo pou yo rete pozitif epi prepare yo pou sa k ap vini yo. Elèv 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane nou yo ap kòmanse pran tès FSA yo! Elèv yo ap aprann atravè konsèy nan salklas plizyè egzèsis detant pou ede yo libere estrès oswa enkyetid yo ta ka genyen. Gen kèk egzèsis detant ke nou ap anseye elèv nou yo se respire pwofon, detant misk pwofon, meditasyon senp, ak imaj vizyèl. Elèv klas 3yèm-5yèm ane nou yo ap kontinye tès FSA pou Lekti, Matematik, ak Syans depi avril rive me. N ap kontinye sipòte elèv nou yo lè nou anseye yo ladrès pou etidye, ladrès pou preparasyon tès yo, ak ladrès pou siviv ak enkyetid tès yo. Antanke konseye lekòl la, nou ta renmen ankouraje elèv nou yo epi sipòte yo pandan tan tès sa a. Ansanm ak montre elèv nou yo teknik pou ede yo ak enkyetid oswa estrès, nou ap ankouraje yo tou pou yo vin lekòl chak jou ak alè. Espesyalman kounye a, pwofesè yo ap prepare elèv nou yo pou yo gen konesans pou yo pran FSA a ak pare tou pou pwochen nivo klas yo. N ap kontinye bay ti leson tou kout sou prezans pou elèv yo sonje jan li enpòtan pou yo vin lekòl. Chak jou se yon jou ki plen aprantisaj ak preparasyon. Avèk èd ou, nou ka ede pitit ou a gen konfyans nan tèt li ak fè siksè pandan tan sa a.



## **Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC):**

SAC nou an ap chèche manm. Si w enterese patisipe nan fonksyonman enteryè, finansman, kourikoulòm, sekirite pou lekòl la, patisipe nan aktivite lekòl yo, konnen sou dènye mizajou sou rezilta tè s yo, ak desizyon yo pran isit la nan Freedom Shores, epi tou gen yon dizon sou fon alokasyon an, epi tou fè tandè vwa w nan pwosesis pou pran desizyon ki afekte kò etidyan nou an, jwenn ak nou! Nou rankontre chak mwa sou twazyèm Mèkredi a 5:30 pm nan sant medya a. Nou espere wè ou la ak nou.



## **PTO:**

PTO ap chèche volontè pou ede ak evènman k ap vini ak ranmase lajan. Si w enterese, asire w ke w enskri kòm volontè ak [jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org](mailto:jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org), epi kontakte [freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com) pou w ka patisipe. Reyinyon jeneral nou yo se chak mwa apre reyinyon SAC la nan twazyèm Mèkredi chak mwa.

## **Magazen Eagle Buck la:**

Magazen Eagle Buck la toujou ap aksepte don nouvo ak jwèt ki pa two ize, founiti lekòl, jwèt, ak plis lòt bagay toujou, ak nenpòt bagay ou panse elèv yo ta renmen genyen kòm rekonpans n ap vrèman apresye yo.



## **Kòd Vestimantè**

**Yon ti rapèl sou kòd vestimantè yo** - Nou atann ke tout elèv nan Freedom Shores yo swiv yon kòd vestimantè ki obligatwa de Lendi a Jedi. Yo ap voye nenpòt elèv ki pa mete inifòm ke yo sipoze mete a nan direksyon an e nou va pran aksyon ki apwopriye kont yo. Me kalite inifòm ki obligatwa pou elèv yo mete a:

- Tout elèv yo dwe mete mayo ki gen kole epi ki genyen manch, mayo sa a sipoze senp.
- Elèv vityèl yo kapab mete yon mayo ki genyen yon sèl koulè.
- Pantalon, kapri, jip, jumpers, jip an pantalon, oubyen bout pantalon yo tout sipoze ble fonsè, nwa, kaki, gri, oubyen mawon. Ti bout pantalon y oak jip an pantalon yo dwe long ase pou ou ka touche pwent dwat ou, yo dwe toujou rete nan tay elèv la epi yo nan stil inifòm. Li pa nesèsè pou elèv vityèl mete inifòm pou pati anba.
- Pa mete ni abako ni djins (jeans).
- Yo pa sipoze mete bout kolan pou kont yo
- **Jou Vandredi sèlman:** Se jou ofisyèl pou elèv yo mete Mayo lekòl Freedom Shores la ak djins, yo pa dwe mete DJINS KI CHIRE. Elèv yo kapab peye \$1 pou yo ka patisipe nan aktivite kote yo kapab mete rad prefere yo nan jou vandredi, rad yo ap mete a dwe apwopriye pou lekòl. Benefis yo pral sipòte magazen Eagle Buck la, laboratwa STEM la, Depatman DL ak klas 5yèm ane.
- Yo pa sipoze mete okenn rad oubyen bijou ki ka koze distraksyon


Pa prensip Distri lekòl la, soulye yo dwe konplètman fèmen depi nan zòtèy jiska nan talon pye pou sekirite elèv yo. Elèv yo ka mete Tennis ak solye ki pla.

Si tout fwa yo prete pitit ou a inifòm, tanpri lave yo epi retounen nan demen. Mèsi!

Si tout elèv nan klas pitit ou a mete inifòm apwopriye yo, yo ap genyen kòm prim yon eagle pou klas la!

# Pwomnad!!!!

**Loggerhead Marinelife Center** –Men kèk foto nan vwayaj nou an nan Loggerhead ☺



## **Ti Nouvèl Pwogram Aprè Lekòl la**

Pwogram Apre lekòl la toujou ap aksepte enskripsyon yo!!

Nou dwe resevwa \$25 frè enskripsyon an ak pake enskripsyon yo AVAN ou vle pitit ou a kòmanse.

Nou dwe resevwa Vèsman 1ye Novanm oswa tout total la avan 4/1, 2yèm vèsman an 4/18.

Enskri pou app remind la (jwenn ak nou pou plis detay).

Enskripsyon kan ete a ap kòmanse lendi 28 mas. Tanpri veve pou yon papyè k ap vini lakay ou a ak enfòmasyon.

Frè enskripsyon an se \$75 pou chak timoun. Frè chak semèn yo se \$175 pou chak timoun. Kontakte Cheri Rosen, Direktris la si ou gen nenpòt kesyon!  
cheri.rosen@palmbeachschools.org

## **Ti Nouvèl Kafeterya a**

Dejene ak Manje midi ap kontinye rete GRATIS pou TOUT elèv yo!

Nou te kòmanse ofri ti goute pou achte diran manje midi tankou bonbon pou 25 santim, krèm glase pou 75 santim ak dlo nan boutèy pou 50 santim.

Malgre nou ap pran lajan kach nan rejistè yo, nou ankouraje w fè pèman sou kont repa sou entènèt pitit ou a si ou ta renmen pou yo kapab achte ti goute.

Ou ka jwenn lyen kont repa sou entènèt la ansanm ak lòt enfòmasyon sou nitrisyon nan [www.palmbeachschools.org/sfs](http://www.palmbeachschools.org/sfs).

# ★★★DAT KI ENPÓTAN YO★★★

## AVRIL 2022



MONDAY	TUESDAY	WEDNESDAY	THURSDAY	FRIDAY	SATURDAY	SUNDAY
				1	2	3
4	5	6	7	8 Lannwit an fanmi- nan Five Guys 4pm-8pm	9	10
11	12	13	14	15 <b>Konje</b>	16	17
18	19	20 Reyinyon SAC 5:30 Reyinyon PTO aprè sa	21 Foto sezon Prentan an	22	23	24
25	26	27	28 Foto gradyasyon Pre-K ak Jadendanfan	29	30	

## **Nouvèl Jadendanfan –**

Prentan an rive e Jadendanfan nou yo ap fleri!

Mwa sa a elèv Jadendanfan nou yo pral konplete Inite 7 nan pwogram lekti nou an kote elèv yo pral li epi konpare seleksyon sou diferan jou ferye ak selebrasyon atravè mond lan. Yo pral devlope konpreyansyon dirab sa yo:

1. Nou onore moun ki te fè kontribisyon pozitif nan mond lan ak selebrasyon ak jou ferye.

2. Nou selebre jou ferye yo ak manje, parad, ak/oswa ak zanmi ak fanmi.

Nouvo mo frekan ke yo pral aprann nan Inite 7 la genyen ladan yo: are, have, said ak two. Pou yon lis konplè sou mo sa yo tanpri kontakte pwofesè pitit ou a.

Nou gen de mwa pou nou fè efò pou rive nan objektif lekti nan fen ane a pou lektè nivo D oswa E.

Kontinye pratike mo kouran yo lakay ou, epi li yon liv chak swa. Fè pitit ou a jwenn diferan mo nan istwa ou li ansanm yo. Poze pitit ou kesyon sou istwa a. Ki lide prensipal istwa a? Ki moun ki karaktè yo? Ki kote istwa a te pase? Kisa ki te pase nan kòmansman / mitan / fen istwa a?

Nan matematik mwa sa a inite nou pral kouvri yo se fòm 3D ak konpoze fòm 2D. Pratike fè fòm ansanm ak diferan medya; kreyon, kreyon koulè, penti oswa deyò ak lakrè twotwa!

Nan syans inite nou an se lajounen kou lannwit. Timoun yo pral dekouvri sa syèl la ka di yo.

Lavi a bon nan jadendanfan! Mèsi kòm toujou pou sipò ou kontinye!

Pwofesè Jadendanfan yo

## **Nouvèl 1ye Ane –**

Bòn sezon prentan fanmi 1ye ane! Nou espere ou wè konbyen pitit ou a ap amelyore ak grandi jiskaprezan ane sa a! Yo te travay di anpil nan tout domèn akademik. Nou trè fyè de efò elèv yo ap fè! Tanpri mande yo sa y ap aprann nan klas chak jou, ankouraje yo pou yo li chak swa lakay yo epi pou yo konplete tout devwa yo ba yo. Fè atansyon pou enstriksyon yo ak dat delè Pwojè Timeline a ke elèv yo pral mande pou konplete! Mèsi pou tout sipò ou!

## **Nouvèl 2yèm Ane a –**

Alo Paran Dezyèm Ane yo, nou pa kwè ke sezon prentan an rive, nou remake anpil eksitasyon pandan n ap kontinye gen yon bèl ane aprantisaj. Joune rekreyasyon nou an nan Loggerhead Marinelife Center te yon siksè; elèv yo te jwenn yon pi bon konpreyansyon sou tòti vivan, bati konsyans kiltirèl ak tolerans, epi ekspoze yo nan mond andeyò pwòp pa yo. 15 Avril Prentan Konje. Epi tanpri pa bliye ke timoun ou yo ta dwe li omwen 20 minit pa jou. Apre w fin li, tanpri mande pitit ou a sou sa yo li. Pa egzanp: eksplike mesaj otè a nan istwa a.

## **Nouvèl 3yèm Ane a –**

Bòn Avril ak Bòn Prentan, Fanmi Freedom Shores! Nou vle raple tout moun ke moman FSA a rive. Elèv 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane nou yo ka montre tout konesans yo te aprann pandan ane a. Men dat pou chak tès: 3yèm ane ELA- 5 avril ak 6 avril; Matematik 3yèm ane - 9 ak 10 me. Ekriven yo ap pratike ak planifye pou envit opinyon! Nan lèkti, elèv yo ap vin ekspè nan rechèch. Pandan Matematik, n ap rezoud kesyon perimèt ak zòn epi n ap revize estanda 3yèm ane. Syantis yo aprann fòm enèji, transfè enèji ak transfòmasyon. Tanpri sonje tcheke dosye kominikasyon ble a pou devwa yo epi siyen ajanda pitit ou a chak jou. Mèsi anpil pou sipò ou kontinye bay, nou vrèman apresye li!

## **Nouvèl 4yèm Ane –**

Bòn Avril ak Bòn Prentan, Fanmi Freedom Shores! Nou vle raple tout moun ke moman FSA a rive. Elèv 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane nou yo ka montre tout konesans yo te aprann pandan ane a. Men dat pou chak tès: 3yèm ane ELA- 5 avril ak 6 avril; Matematik 3yèm ane - 9 ak 10 me. Ekriven yo ap pratike ak planifye pou envit opinyon! Nan lèkti, elèv yo ap vin ekspè nan rechèch. Pandan Matematik, n ap rezoud kesyon perimèt ak zòn epi n ap revize estanda 3yèm ane. Syantis yo aprann fòm enèji, transfè enèji ak transfòmasyon. Tanpri sonje tcheke dosye kominikasyon ble a pou devwa yo epi siyen ajanda pitit ou a chak jou. Mèsi anpil pou sipò ou kontinye bay, nou vrèman apresye li!

## **Nouvèl 5yèm Ane –**

Nou konplètman prepare pou nou pran evalyasyon leta nou yo nan mwa sa a ak nan mwa pwochen an. Tanpri asire w ke chak swa anvan tès yo ke pitit ou a pase yon bon nwit ap dòmi ak nan maten an manje yon manje maten an sante. Chak nan salklas nou yo ap revize tout ladrès ki nesèsè nonsèlman pou evalyasyon eta a men tou pou asire nou prepare pou lekòl presegondè. Mwa sa a nou ap genyen dejene alfabetizasyon nou an vandredi 22 avril a 7:15 am. Nou espere ke ou ka vini epi aprann kèk estrateji pou ede pitit ou a vin yon lektè ki gen siksè pou tout lavi epi w ap resevwa tou yon liv gratis.


**FÈ PIBLISITE BIZNIS OU AK NAN BILTEN NOU AN! Si w gen yon biznis epi ou ta renmen fè piblisite nan bilten nou an oswa plase yon banyè nan lekòl la, rele Audra nan nimewo sa a 561-804 - 3114 si w enterese. Sipò ou ap ede ak pri pwodiksyon ak enprime.**



**Dr** DEVIN HILL  
*realtor*

**DEVIN HILL**  
ISLAND BRIDGE REALTY  
4155 MAIN ST. | JUPITER, FL 33458  
DEVINHILLROYALTY.PROPERTIES@GMAIL.COM

GIVE ME  
A CALL **561-634-0647**  
WELLINGTON • LAKE WORTH • BOYNTON • DELRAY • BOCA RATON • WPB



**Miller**  
Pediatric Dentistry And orthodontics

Mitchell H. Miller, DDS  
*Pediatric Dentist*

391 North Congress Avenue  
Boynton Beach, FL 33426  
(561) 336 - 6560

smile@millerpdo.com  
www.millerpdo.com

**ZAPPOLO**  
**FARWELL**  
ATTORNEYS AT LAW

SCOTT W. ZAPPOLO  
ATTORNEY

7108 FAIRWAY DRIVE, SUITE 322  
PALM BEACH GARDENS, FL 33418  
TELEPHONE (561) 62-5000  
FACSIMILE (561) 627-5600  
SZAPPOLO@ZAPPOLOFARWELL.COM

ZAPPOLO & FARWELL, P.A.  
[www.zappolofarwell.com](http://www.zappolofarwell.com)

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**



**Stacey Rook-Staley**  
Realtor® | LCAM | Real Estate Broker

**ROOK**  
REALTY

2500 Quantum Lakes Drive Suite 203  
Boynton Beach, FL 33426  
StaceyRook19@Gmail.com  
(561) 699-8720

**KI TE ADOPTE:**  
**KLAS 4YÈM ANE MS. SALLEY**  
**A!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**



**JLB**  
**RENOVATIONS**

RESIDENTIAL COMMERCIAL

Building your Visions – Creating Reality

Jeffrey Balet  
JLBrenovations.com  
JLBRenovationsllc@gmail.com  
561.613.5186

**KI TE ADOPTE:**  
**KLAS JADENDANFAN MS.**  
**CONCEPCION AK**  
**MS. ITZKOWITZ YO!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**  
**A:**

1061 East Indiantown Road  
Suite #108  
Jupiter, FL 33477

**Frankie Guerrieri**  
*Director of Human Recourses*

o: (561) 408-0850  
f: (888) 344-8879  
e: FrankieG@PreferHome.com  
w: PreferHome.com/CPB



**Preferred**  
Care at Home

**KI TE ADOPTE:**  
**KLAS 3YÈM ANE MS. CARLEY!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**

**A:**



**Living Soul**

Behavior Therapy

(561)-572-6773 | [Livingsoul.llc@gmail.com](mailto:Livingsoul.llc@gmail.com) | Palm Beaches

**KI TE ADOPTE:  
DEPATMAN ESE NOU AN!!!!**

**YON GWO REMÈSIMAN**

**A:**



**KI TE ADOPTE:  
KLAS 2YÈM ANE MS. CASTRO A  
ANSANM AK PTO NOU AN!!!!**



(Gwosè Kat Biznis)

Piblisite nan bilten nou an.  
\$20.00 pa mwa oswa \$150.00 pou ane  
a.

(3 ½ X 4 ½)

Piblisite nan bilten nou an.  
\$30.00 pa mwa oswa \$200.00 pou ane  
a.

## ADOPT- A- CLASS PROGRAM

**Benefits:** \*Year long recognition in the Freedom Shores Newsletter-**GOLD**  
\*Certificate of Sponsorship to display-  
**SILVER,GOLD**  
\*Thank you letter from Freedom Shores Principal-**BRONZE, SILVER, GOLD**  
\* Invitation to the school events to promote your business- **GOLD**  
\* Recognition of Sponsorship on classroom door- **BRONZE,SILVER, GOLD**  
\* Copy of letter sent home to the parents of your adopted class  
announcing you or your business as the class sponsor.- **SILVER,**  
**GOLD**

**Sponsorship Levels:** Gold (\$250.00 or more)  
Silver (\$150.00 - \$250.00)  
Bronze (\$150.00 - \$100.00)



### **Lokasyon Lekòl la**

Komisyon Konsèy Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri yon varyete opsyon lokasyon pou adapte prèske nenpòt okazyon. Nou kapab akomode yon pakèt evènman.

Kanpis nou yo ofri oditoryòm dinamik ak teknikman ekipe, sal konferans, kafeterya, laboratwa, salklas ak teren atletik.

Nou akeyi patenarya ou a! Kontakte Audra Spurlin nan (561) 804-3114 si w enterese nan lwe lekòl la.